

# KONFLIK SOSIAL WONTEN ING WACAN BOCAH IDHAM IDHAMANE GUNDHUL ANGGITANIPUN INDRIYASIWI ARWIYANI (*KANTHI PENDEKATAN SOSIOLOGI SASTRA*)

## *SOCIAL CONFLICT IN CHIKDREN LITERATURE IDHAM-IDHAMANE GUNDHUL BY INDRIYASIWI ARWIYANI (SOCIOLOGICAL APPROACH)*

Dening: Nur Rochmah, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta  
[nur.rochmah25@yahoo.com](mailto:nur.rochmah25@yahoo.com)

### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika gadhah ancas kangge manggihaken menapa kemawon konflik sosial, pawadan ingkang murugaken, saha cara mungkasi konflik sosial ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani. Metode panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *deskriptif*. Caranipun ngempalaken data ngginakaken teknik analisis maos saha nyerat. Caranipun nganalisis data kanthi analisis deskriptif. Caranipun ngesahaken data kanthi validitas semantik, wondene reliabilitas ingkang dipunginakaken inggih menika intrarater saha interrater. Asiling panaliten menika wujud konflik sosial, pawadan ingkang murugaken konflik, cara mungkasi konflik ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani.

Pamijining Tembung: *konflik sosial, wacan bocah Idham-idhamane Gundhul*

### **Abstract**

*The study aims to find out what social conflicts, social issues, and the way to end social conflicts in children literature of Idham-idhamane Gundhul by Indriyasiwi Arwiyani. Research methods used are descriptive. How to collect data using reading and writing analytics techniques. How to analyze data with descriptive analysis. How to solve data with semantic validity, while reliability is used as intrarater and interrater. The result of the study was a social conflict, a conflict that led to the conflict, the end of the conflict in the children literature of the Idham-idhamane Gundhul by Indriyasiwi Arwiyani*

### **PURWAKA**

Wontenipun sastra menika jalaran wonten babonipun. Babon sastra inggih menika prastawa sosial budaya ingkang paring *pengaruh ruh* sastra (Endraswara, 2012:128). Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih sastra kaliyan prastawa sosial budaya menika wonten gegayutan antawis kalhipun. Prastawa sosial budaya ing pagesangan saged ngasilaken sastra minangka asil cipta saking masarakat. Semanten ugi bilih sastra menika saged paring andharan saha *gambaran* saking pagesangan sosial ing masarakat.

Sastra menika wonten ingkang dipunsebut sastra diwasa saha wonten ugi sastra anak. Saxby (Nurgiyantoro, 2005:5-6) ngandharaken bilih sastra ingkang kelebet sastra anak inggih menika menawi

wosipun saha sedaya wujud basa ingkang dipunginakaken saged dipuntampi ugi dipunpahami dening lare (kalebet *aspek emosi, perasaan, pikiran, saraf sensori, saha pengalaman moral*). Saking andharan menika saged dipundudut, bilih wosing cariyos saha basa ingkang dipunginakaken saged dipunpahami dening lare, buku utawi teks menika saged dipunwastani sastra anak.

Wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken salah satunggaling wacan bocah kanthi irah-irahan *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani. Kados karya sastra jinis *fiksi*nesipun, wacan bocah ugi ngemotkonflik. Konflik ingkang asring kalampahan wonten ing wacan bocah *Idham-*

*idhamane Gundhul* menika konflik sosial. Saengga wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken babagan konflik sosial wonten ing salebeting wacan bocah.

Kangge mangertosi prekawis konflik sosial ingkang wonten gayutipun kaliyan pagesangan ing masarakat, dipunbetahaken *pendekatan* inggih menika sosiologi sastra. Sosiologi sastra miturut Ratna (2003:2) inggih menika pangertosan dhateng karya sastra kanthi ningali bab ingkang gayut kaliyan masarakat. Prekawis ing wacan bocah ingkang badhe dipunkaji kanthi sosiologi sastra inggih menika wujud konflik sosial, pawadan ingkang murugaken konflik sosial, saha cara mungkasi konflik sosial.

Miturutipun Wellek saha Warren (2014:3) sastra menika kalebet *kegiatan kreatif*, minangka karya seni. Sastra kalebet *kegiatan kreatif* amargi sastra menika pakaryan ngganggu utawi ngawontenaken pamanggih enggal adhedasar pengalaman utawi pengamatan saking panyerat. Pamanggih menika lajeng dipunandharaken kanthi media basa. Basa ingkang dipunginakaken kangge nyerat sastra kedah basa ingkang khas sastra. Jumbuh andharan saking Wellek saha Warren (2014: 13) kangge panganggening basa sastra ingkang khas sastra. Titikan basa sastra menika ingkang bedakaken kaliyan basa ilmiah ugi basa ingkang dipunginakaken ing padintenan. Saking andharan-andharan ing nginggil, dipunasilaken pangertosan sastra inggih menika asiling *kegiatan kreatif* saking produk budaya satunggal masarakat, ingkang nginakaken media basa.

Inkang dipunsebut sastra anak miturut Kurniawan (2012:22) cariyos ingkang wonten

gayutipun kaliyan pagesangan lare saha ngginakaken basa ingkang saged dipunpahami lare. Saxby wonten ing Nurgiyantoro (2005:5-6) ngandharaken bilih sastra ingkang kebet sastra anak inggih menika menawi wos utawi pagesangan ingkang dipuncariyosaken saged dipuntampi dening lare, utawi lare paham menapa ingkang dipuncariyosaken (kalebet *aspek emosi, perasaan, pikiran, saraf sensori, saha pengalaman moral*). Langkung saking menika sedaya wujud basa ingkang dipunginakaken kedah dipunpahami dening lare. Dados, menawi wosing cariyos saha basa ingkang dipunginakaken saged dipunpahami dening lare, buku utawi teks menika saged dipunwastani sastra anak. Saking andharan ing nginggil saged dipundudut saking wacan bocah utawi sastra anak inggih menika cariyos ingkang dipunripta kangge lare satemah wosing cariyos saha basa ingkang dipunginakaken kedah dipunpahami saha saged dipuntampi dening lare.

Salahsatunggaling *definisi* sosiologi sastra miturut Ratna (2003:2) inggih menika pangertosan dhateng karya sastra kanthi ningali bab ingkang gayut kaliyan masarakat. Miturut Heru Kurniawan (2012:5) sosiologi sastra menika disiplin ngelmu ingkang objek kajian utamanipun inggih menika sastra, ingkang awujud karya sastra, lajeng sosiologi mupangat kangge mangertosi *gejala sosial* ing salebeting karya sastra. Kanthi mekaten ngelmu sosiologi wonten ing sosiologi sastra menika kangge nganalisis kawontenan masyarakat wonten ing karya sastra. Saking sedaya andharan ing nginggil, bilih sosiologi sastra inggih menika ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken kawontenan sosial ing masarakat lumantar karya sastra.

Konflik ing salebeting karya sastra gadhah makna piyambak. Miturut Nurgiyantoro (2009:122) ngandharaken bilih konflik menika kedadosan ingkang wigatos amargi menika kangge ngembangaken *plot*. Konflik menika salah satunggaling cara anggenipun penganggit narik kawigatosanipun pemaos, amargi menika ngandharaken wujud saha wosipun konflik, kadospundi konflik menika dipunandharaken. Kaprigelan penganggit anggenipun ngrantam karya sastra menika kangge narik kawigatosannipun pemaos.

Konflik wonten ing cariyos menika wonten jinis-jinisipun. Sayuti (2000:42-43) merang konflik dados 3 jinis, inggih menika;

a) Konflik psikologi

Konflik psikologi utawi *konflik kejiwaan* menika konflik ing salebeting dhiri paraga piyambak.

b) Konflik sosial

Konflik menika dipunlampahi antawisipun paraga, ingkang wonten gayutipun kaliyan prekawis-prekawis sosial.

c) Konflik alamiah

Konflik fisik utawi konflik alamiah menika konflik antawisipun manungsa kaliyan alam.

Jumbuh kaliyan mapinten-pinten andharan wonten ing nginggil, ingkang kawastanan konflik inggih menika *proses sosial* ing salebeting karya sastra ingkang dipunmurugaken amargi beda pamanggih saha rasa, beda kabudayan, saha beda *kepentingan*, ananging kawontenan menika ingkang dadosken narik kawigatosan pamaos minangka karya sastra. Salajengipun ingkang dipunwasatani konflik sosial inggih menika konflik

antawisipun paraga ingkang gayut kaliyan sedaya *aspek* pagesangan.

## CARA PANALITEN

### Jnising Panaliten

Panaliten menika kalebet panaliten deskriptif. Panaliten deskriptif miturut Hikmat (2011:100) kanthi *metode deskriptif*, panaliti sastra kedah ngungkabaken *fakta-fakta* ingkang wonten utawi data mawi cara paring *deskripsi*. Panaliten menika badhe ngandharaken menapa kemawon wujud konflik sosial, menapa ingkang murugaken konflik sosial, saha caraparaga anggenipun mungkasi konflik sosial ingkang wonten ing wacan bocah bocah *Idham-idhamane Gundhul*.

### Data saha Sumber Data

Sumber data wonten ing panaliten menika wacan bocah kanthi irah-irahan *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani, *cetakan pertama* Oktober 2007, dipuncithak kaliyan Pas Yogyakarta. Piranti wonten ing panaliten menika awujud kertu data. Kertu data menika dipunginakaken kangge manggihaken data.

### Cara Ngempalaken Data

Teknik ngempalaken data ing panaliten menika kanthi cara maos saha nyerat. Maosipun kanthi tliti saha kritis. Saking data menika saged saha dipunkelompokaken jumbuh kaliyan kertu datanipun. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika panaliten teknik deskriptif. Teknik deskriptif menika dipuntindhakaken kanthi langkah- langkah inggih menika terapan teori, kategorisasi, tabulasi, analisis data, saha inferensi.

### Cara Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken data inggih menika kanthi cara validitas saha reliabilitas. Validitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika validitas semantis saha validitas referensial. Miturut Endraswara (2013: 164) validitas semantis menika kanthi maksud dados pemahaman data jumbuh kaliyan konteks, saha saged ningali data ingkang awujud kutipan babagan konflik sosial ingkang saged dipunmaknai jumbuh kaliyan konteksipun.

Lajeng validitas referensial inggih menika dipunginakaken kangge ngukur kadospundi data menika sampun jumbuh kaliyan referensi ingkang wonten. Kangge ngukur *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika reliabilitas intrarater. Cara menika dipuntindakaken kanthi cara maos ingkang tliti saha nliti objek saha subjek panaliten kanthi makaping-kaping, kangge manggihaken data ingkang konsisten. Reliabilitas ingkang dipunginakaken ugi inggih menika *reliabilitas interrater*. Cara menika katindakaken kanthi diskusi kaliyan kanca ingkang panalitenipun sami ngrembag babagan sosiologi sastra.

## ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Konflik sosial ingkang badhe dipuntliti saking wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* menika antawisipun wujud konflik sosial, pawadan ingkang murugaken konflik sosial, saha cara mungkasi konflik sosial. Paragatama ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* menika Gundhul, salajengipun paraga tambahanipun inggih menika Mbok Paini, Agus, Kirjo, Harso, Syahroni, Dhokter Sasmito, Bu Praba, Pak Kardi, Yadi saha Yatno.

## Wujud Konflik Sosial

### a. Ngeyel

Ngeyel inggih menika bilih salah satunggaling paraga boten saged dipuntuturi kaliyan paraga sanes, kepara panggah gugu pamanggihipun piyambak. Wujud konflik menika kalampahan dening paraga Dhokter Sasmito kaliyan Bu Praba.

*Dhokter mudha iku kelingan jaman cilikane. Ibune ora nate marengake dheweke dolanan bal-balan merga kuwatir yen kegaprak kancane. Nanging ora pisan pindhho Bu Praba ngonangi putra ragile iku mulih saka dolan kanthi sandhangan gluprut lemah reget banget.*  
(IIG : kaca 39-40)

Saking menika saged dipunmangertosi bilih ingkang nedahaken Dhokter Sasmito ngeyel menika nalika nglimpe Bu Praba.

### b. Gumedhe

Gumedhe inggih menika umuk, utawi ngunggulaken dhiri piyambakipun, saged ugi ngunggulaken barang utawi bandha ingkang dipungadhahi. Paraga ingkang nglampahi wujud konflik sosial gumedhe inggih menika Gundhul kaliyan Harso.

*“Apa? Kiper? Gah...!!!” Gundhul langsung sewot. “Aku dilahirkan sebagai penyerang, ujung tombak! Main kok mung trima dadi kiper, ora seni!”* (IIG : kaca 4)

Gundhul rumaos piyambakipun langkung cocog menawi dipundadosaken minangka *penyerang*. Sikapipun Gundhul menawi dipuntingali saking wicantenan ing nginggil kalebet wujud konflik sosial gumedhe, amargi Gundhul ngunggulaken dhiri piyambakipun.

### c. Padudon

Padudon inggih menika sulaya ing wicantenan awujud cekcok antawisipun kalih tiyang utawi Gundhul kaliyan simbokipun, Mbok Paini. Indikatoripun kados ing ngandhap.

*“Mbok... maksude Simbok... aku ora oleh dolanan bal maneh?”*Gundhul nyawang biyunge kanthi lemes.

*“Iya, ora oleh!”* wangsulane Mbok Paini thok leh.

*“Kok ora oleh?”*

*“Kowe wis ngrasakke dhewe nek bal-balan kuwi gedhe bebayane. Ndhul, kowe ki ora kapok apa piye? Wong wis nemahi kacilakan kaya mengkono kok ora kapok!”* srengene Mbok Paini. (IIG : kaca 23)

Rumaos sampun sehat, Gundhul badhe tumut latihan bal malih, sinaosa sampun dipunalangi kaliyan Harso. Mangertosi bilih Gundhul tetep badhe tumut latihan bal, Mbok Paini lajeng ngendika marang Gundhul bilih piyambakipun boten marengaken Gundhul bal-balan malih.

#### d. Ngaloke

Ngaloke inggih menika nalika paraga ngarani utawi paring pamanggih miturutipun piyambak dhateng paraga sanes. Ngaloke saged nglarani manahipun tiyang sanes amargi, menapa ingkang dipunloke menika dereng tamtu leres. Wujud konflik ngaloke dipunlampahi paraga Gundhul kaliyan Kirjo.

*“Nek kabeh dha ora gelem dadi kiper, aku wae sing ngiperi, ndak ora sida main!”*

*“Kowe Jo?”* aloke Gundhul karo mendelik, *“Teneh kebobolan selawe!”*

(IIG : kaca 5-6)

Saking andharan wau saged dipunmangertosi wangsulanipun Gundhul menika nedahaken wujud konflik sosial ngaloke. Gundhul ngaloke Kirjo ingkang saguh dados kiper.

#### e. Duka

Duka inggih menika nalika paraga ngedalaken raos boten remen kaliyan tingkah laku utawi ngendikanipun paraga sanes ingkang boten trep kaliyan pamanggihipun piyambak, satemah dadosaken duka utawi muring.

*“Lik...,”* Harso kepengin njelaske masalah kang satemene marang biyunge Gundhul iku.

*“Apa? Kowe arep kandha apa? Arep ngguroni aku nek sing dialami Gundhul kuwi merga kacilakan wae? Kowe arep ngomong nek kacilakan iku bisa dumadi ing ngendi wae, ora mung neng lapangan bal thok? Iya?!”* (IIG : kaca 23-24)

Jumbuh saking andharan menika saged dipunmagertosi bilih wangsulanipun Mbok Paini menika duka.

#### f. Ngancam

Ngancam utawi paring ancaman inggih menika damel ajrih mawi cara ngendikaken maksud kangge damel sisah, utawi kacilakanipun tiyang sanes. Kalampahan dening paraga Gundhul kaliyan Mbok Paini.

*“Nek aku ora entuk bal-balan, aku wegah madhang, mogok makan. Senajan Bapak karo Simbok meksa-meksa aku kon madhang, aku tetep wegah.”*

*Mripate Mbok Paini mbalalak krungu kojahe anake lanang. “Kowe ngancam Simbok, Ndhul?”* (IIG : kaca 25)

Gundhul ngendika dhateng Mbok Paini badhe *mogok makan* bilih Mbok Paini boten marengaken Gundhul bal-balan malih. Wangsulanipun Gundhul menika nedahaken wujud konflik ngancam.

#### g. Perdebatan

Perdebatan inggih menika aben pamanggih gayut kaliyan satunggal perkawis, antawisipun kalih paraga utawi langkung. *Perdebatan* saking tembung lingga *debat*, ingkang ateges pirembaran utawi *pertukaran pendapat*, kanthi maringi pawadan-pawadan kangge *mempertahankan* pamanggihipun piyambak-piyambak.

*“Abot piye ta Ron? Iki ora ana sesambungane karo kas kanggo gizi kang pancen wis tipis. Aku saguh nggoleke sponsor kang mligi kanggo Gundhul.”*

*“Iku bakal nelakake masalah, Har. Nek kowe nukokke sepatu kanggo Gundhul, bocah-bocah liyane mesthi padha meri. Bab iku bakal nuwuhake perkara kang ora entheng. Awake dhewe ora bakal bisa*

*nukokke sepatu kanggo bocah sak klub kabeh. Iya ta?...” (IIG : 33-34)*

Saged dipunmangertosi bilih prekawis menika Harso kaliyan Syahroni nedahaken wujud konflik *perdebatan* amargi wonten pawadan ingkang ngiyataken pamanggihipun piyambak-piyambak.

h. Nudhuh

Nudhuh inggih menika nunjuk utawi ngarani bilih tiyang tumindak kirang becik. Wujud konflik menika kalampahan dening paraga Gundhul kaliyan Mbok Painsi.

*“Ndhul... kowe nyolong dhuwite sapa? Balekna, Le, aja seneng lelemeran! Ya ben awake dhewe mlarat, sing penting jujur ya, Le! Ayo balekna dhuwit kuwi!” swarane Mbok Painsi ndhredheg. (IIG : kaca 75)*

Jumbuh saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi saking wangsulanipun Mbok Painsi menika ingkang nedahaken wujud konflik nudhuh.

i. Jothak

Jothak inggih menika salah satunggaling wujud konflik sosial nalika salah satunggaling paraga boten purun ngaruh-aruhi paraga sanes, utawi ngenengke paraga sanes, amargi antawisipun paraga gadhah prekawis ingkang dereng dipunpungkasi. Andharanipun ing ngnandhap menika.

*Agus ora wangsulan. Tanpa nyuwara apa-apa malah banjur ngadeg nglungani, metu saka kelas. Sepisan maneh dhadhane Gundhul krasa lara, kaya dijojoh alu. (IIG : kaca 80-81)*

Jumbuh kaliyan andharan ing nginggil sikapipun Agus ingkang mendel kemawon lajeng nglungani Gundhul menika nedahaken bilih agus jothak Gundhul.

### **Pawadan ingkang murugaken konflik sosial**

a. Dhokter Sasmito alit, boten dipunparengaken dolanan bal

Menika pawadan ingkang murugaken saking wujud konflik sosial ngeyel ingkang dipunlampahi dening paraga Dhokter Sasmito kaliyan Bu Praba.

*Dhokter mudha iku kelingan jaman cilikane. Ibune ora nate marengake dheweke dolanan bal-balan merga kuwatir yen kegaprak kancane. Pawakane Sasmito cilik pancen kaya ora mitayani. Nanging, satemene dheweke iku pengkuh, sehat. Biyen dheweke kudu nyolong-nyolong nglimpekke ibune yen arep bal-balan karo kanca-kancane. Nanging ora pisan pindho Bu Praba ngonangi putra ragile iku mulih saka dolan kanthi sandhangan gluprut lemah reget banget. (IIG : kaca 39-40)*

Pawadan ingkang murugaken kawontenan konflik ngeyel amargi Dhokter Sasmito nalika alit boten dipunparengaken dolanan bal kaliyan Bu Praba, ananging Dhokter Sasmito ngeyel lajeng nglimpe Bu Praba menawi badhe bal-balan. Manggihi kawontenan menika Bu Praba ingkang asring ngonangi Dhokter Sasmito bal-balan lajeng malih duka.

b. Gundhul dipundhapuk dados kiper, ananging boten purun

Pawadan menika ingkang murugaken wujud konflik sosial gumedhe. Kalampahan dening paraga Harso kaliyan Gundhul.

*“Ndhul, suk tanggal rongpuluh tim e dhewe arep jajal karo tim Karang Sari. Kowe tak dhapak dadi kiper ya!” ujure Harso nalika sore iku arep padha dolanan bal.*

*“Apa? Kiper? Gah...!!!” Gundhul langsung sewot. “Aku dilahirkan sebagai penyerang, ujung tombak! Main kok mung trima dadi kiper, ora seni!” (IIG : kaca 3-4)*

c. Mbok Painsi nglarang Gundhul main bal malih  
Satunggal minggu sasampunipun Gundhul semapat ing tengahing tetandhingan bal, Gundhul rumaos sampun sehat malih. Lajeng Gundhul ugi

sampun wantun nantang kanca-kancanipun tandhing bal. Gundhul sampun boten sabar badhe bal-balan malih, ananging wonten prekawis ingkang murugaken konflik, inggih menika jumbuh kaliyan andharan ing ngandhap.

*“Kowe kudu sabar, ora latihan bal-balan. Ora mung sabar sawetara, ning sateruse!”*  
(IIG : kaca 23)

Pethikan data ing nginggil menika ingkang murugaken padudon antawisipun Mbok Paini kaliyan Gundhul. Mbok Paini boten paring idin Gundhul bal-balan malih sasampunipun Gundhul nemahi kacilakan. Wewaleripun Mbok Paini menika pawadan ingkang murugaken wujud konflik padudon amargi Gundhul boten purun dipunwaler main bal.

d. Kirjo saguh dados kiper, amargi boten wonten ingkang purun dados kiper.

Nalika PS Kranji nembe ribut nemtokaken sinten ingkang cocog dados kiper, wonten ingkang saguh dados kiper. Prekawis menika jumbuh kaliyan pethikan data ing ngandhap.

*“Wis... wis... wis... ra usah ribut!” Harso mbengok sora. “Nek ora ana sing gelem dadi kiper, apike rasida wae. Mengko aku tak ngomong karo Syahroni, dibatalke wae!”*

*“Ya aja ngono, Mas!” Kirjo cluluk. “Nek kabeh dha ora gelem dadi kiper, aku wae sing ngiperi, ndak ora main!”* (IIG : kaca 5)

Manggih kawontenan menika, Kirjo saguh dados kiper. Kirjo kuwatos samangke PS Kranji boten siyos tandhing bal. Lajeng pawadan ingkang daodsaken konflik ngaloke inggih menika Kirjo ingkang nyaguhi dados kiper amargi boten wonten ingkang purun dados kiper.

e. Harso badhe ngandharaken prekawis ingkang sak nyatanipun dhateng Mbok Paini

Manggih kawontenan bilih Mbok Paini boten paring idin Gundhul bal-balan malih, Harso badhe nyobi paring pangerten dhateng Mbok Paini. Prekawis menika jumbuh kaliyan pethikan data ing ngandhap.

*“Lik...,” Harso kepengin njelaske masalah kang satemene marang biyunge Gundhul iku. Nanging ukara-ukara kang bakal kewetu iku kandheg ing gulu. Harso kuwatir yen wong wadon kang durung tau mangan bangku sekolahan iku bakal kenyunuk atine.* (IIG : kaca 23-24)

Pawadan ingkang dadosaken Mbok Paini duka inggih menika amargi Harso ingkang badhe ngandharaken prekawis ingkang sanyatanipun, ananging Mbok Paini nginten Harso badhe nuturi piyambakipun.

f. Gundhul boten saged nampa bilih Mbok Paini boten paring idin Gundhul main bal malih

Gundhul menika remen sangat kaliyan donyaning bal-balan, Gundhul ugi gadhah kepinginan supados samangke saged dados pemain balingkang *professional*. Satemah sikapipun Mbok Paini ingkang boten paring idin anggenipun Gundhul main bal menika pawadan ingkang murugaken konflik.

*“Mbok, nek aku ora entuk bal-balan padha karo Simbok ngongkon aku ora madhang,” kandhane Gundhul karo mrengut.*

*Mbok Paini nyawang anake, ora mudheng sing dikarepke Gundhul. “Ngongkon ora madhang piye karepmu?”* (IIG : kaca 24)

Pawadan ingkang murugaken konflik inggih menika Gundhul boten saged nampi bilih Mbok Paini boten paring idin Gundhul bal-balan malih.

g. Beda pamanggih antawisipun Harso kaliyan Syahroni bab *sponsor* mligi kangge Gundhul

Pawadan salajengipun menika ingkang murugaken wujud konflik sosial *perdebatan* antawisipun Syahroni kaliyan Harso. Pethikan datanipun ing ngandhap menika.

*Harso uga ngandhakke masalahe Gundhul lan janjine arep nggolekke sepatu kanggo Gundhul.*

*“Wah, iku masalah abot, Har!” Syahroni kaget krungu kandhane Harso kang njanjeni nukoke sepatu marang Gundhul.*

*“Abot piye ta Ron? Iki ora ana sesambungane karo kas kanggo gizi kang pancen wis tipis. Aku saguh nggoleke sponsor kang mligi kanggo Gundhul.” (IIG : kaca 33-34)*

Pawadan ingkang murugaken konflik perdebatan menika beda pamanggih antawisipun Harso kaliyan Syahroni bab sponsor mligi kangge Gundhul.

h. Mbok Paini boten pitados Gundhul angsal arta seket ewu saking pengurus bal-balan Tim Kecamatan

Pawadan menika ingkang murugaken kawontenan wujud konflik sosial nudhuh ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul*. Paraga ingkang nglampahi inggih menika Mbok Paini kaliyan Gundhul. Pethikan datanipun ing ngandhap menika.

*“Aku ora nglindur, ora mimpi. Iki Mbok, aku duwe dhuwit seket ewu!” Gundhul nuduhake dhuwit kang ana ing jero amplop. “Iki mau sing maringi pengurus bal-balan Tim Kecamatan. Jarene Mas Harso, aku entuk nraktir Simbok karo Bapak jajan sate nggone Pak Atmo!”*

*Mbok Paini kamitenggengen weruh dhuwit kang digawa Gundhul. Wadon setengah tuwa iku malah wedi ngerti anake nyekel dhuwit semono akehe. (IIG : kaca 75)*

Pawadan ingkang murugaken inggih menika Mbok Paini boten pitados Gundhul angsal arta seket ewu saking saking pengurus bal-balan Tim Kecamatan.

i. Agus cuwa manahipun amargi boten angsal idin tumut Tim Kecamatan saking Bapakipun, satemah Agus dados iren kaliyan Gundhul

Agus ingkang boten pareng tumut Tim Kecamatan kaliyan Bapakipun, damel manahipun cuwa. Lajeng Agus rumaos iren kaliyan Gundhul ingkang saged tumut Tim Kecamatan.

*Agus ora wangsulan. Tanpa nyuwara apa-apa malah banjur ngadeg nglungani, metu saka kelas. Sepisan maneh dhadhane Gundhul krasa lara, kaya dijojoh alu. Agus salin srengat merga gela atine ora oleh melu Tim Kecamatan. Nanging, iku dudu salahe, dudu Gundhul kang dadi sebab Agus ora oleh melu. (IIG : kaca 81)*

Pawadan ingkang murugaken inggih menika Agus cuwa manahipun amargi boten pareng tumut Tim Kecamatan kaliyan Pak Kardi, lajeng Agus dados iren kaliyan Gundhul.

### **Cara mungkasi konflik sosial**

a. Dhokter Sasmito trima mendel boten wangsulan

Dhokter Sasmito trima Mendel kemawon menika cara mungkasi konflik sosial wujud ngeyel. Sikapipun Dhokter Sasmito menika wonten ing andharan menika.

*Sasmito ora wani dora, trima ora wangsulan. Luwih becik langsung adus banjur nduwel neng kamar ethok-ethok sinau. (IIG : kaca 40)*

b. Nedahaken menawi sedaya gadhah pamanggih kados Gundhul menika, samangeke boten wonten ingkang purun dados kiper

Gundhul rumaos gumedhe nalika Harso badhe dadosaken Gundhul kiper ing PS Kranji. Lajeng Harso paring pengerten kangge Gundhul minangka cara mungkasi konflik sosial menika.

*“Wih... wih... lha nek kabeh duwe panemu kaya kowe kuwi tenah ora ana sing gelem dadi kiper. Njur sapa sing kudu njaga gawang?” (IIG : kaca 4)*

c. Gundhul ngancam Mbok Paini

Nalika Mbok Paini boten paring idin kangge Gundhul main bal malih, Gundhul boten saged



nampi wewaler saking Mbok Paini menika, lajeng Gundhul ngancam Simbokipun piyambak.

*“Nek aku ora entuk bal-balan, aku wegah madhang, mogok makan. Senajan Bapak karo Simbok meksa-meksa aku kon madhang, aku tetep wegah.”*

*Mripate Mbok Paini mbalalak krungu kojahe anake lanang. “Kowe ngancam Simbok, Ndhul?”*

*“Iya, aku ngancam Simbok! Idham-idhamanku kawit biyen arep ambyur neng olahraga iki. Nek Simbok ora ngolehke, padha wae simbok mateni aku!” Kandhane Gundhul wani. (IIG : kaca 25)*

d. Kirjo boten rumaos serik

Kirjo ingkang saguh dados kiper ing PS Kranji kepara damel Gundhul ngaloke Kirjo, ananging ingkang dipunloke boten rumaos serik. Cara mungkasi wujud konflik sosial ngaloke menika jumbuh kalih andharan ing ngandhap.

*Swasanane malah dadi gayeng pating sraut nyemoni Kirjo. Ewasemono sing disemoni ora rumangsa serik. (IIG : kaca 5-6)*

e. Harso trima ngalah

Trima ngalah menika cara mungkasi wujud konflik sosial duka, ingkang dipunlampahi dening paraga Harso kaliyan Mbok Paini. Andharanipun ing ngandhap menika.

*Harso dadi salah tingkah. Lagi kuwi dheweke meruhi Mbok Paini nesu. Salawase dadi tanggane, Harso durung nate mrangguli mboke Gundhul sewot ngono kui. Tinimbang ndadekake saya muringe, Harso luwih becik ngalah, meneng. Semono uga bocah-bocah kang ana ing kono dadi padha blangkemen, ora cemuwit. (IIG : kaca 24)*

f. Mbok Paini namung kendel kemawon

Nalika Mbok Paini boten paring idin Gundhul main bal malih menika nuwuhaken wujud konflik sosial ngancam. Mbok Paini ingkang dipunancam dening Gundhul lajeng namung saged kendel

kemawon. Pethikan datanipun ing ngandhap menika.

*Mbok Paini ngulu idu. Pait. Anake disawang kebak panalangsa. (IIG : kaca 25)*

g. Dokter Sasmito saguh biyantu pados dana Wujud konflik perdebatan antawisipun Syahroni kaliyan Harso menika dipunsebabaken wonten beda pamanggih. Dhokter Sasmito mangertos prekawis ingkang nembe dipunraosaken para pengurus PS Kranji menika. Saking menika Dhokter Sasmito saguh paring pambiyantu. Andharanipun ing ngandhap menika.

*Bareng wis manteb karo niate iku, Dhokter Sasmito banjur ngandhakake marang nom-noman loro iku. Harso karo Syahroni mesthi wae mbedhodhog atine dijanjeni bakal digolekake dhana dening Dhokter Sasmito. (IIG : kaca 41)*

h. Gundhul ngeyakinaken dhateng Mbok Paini

Ngeyakinaken dhateng Mbok Paini inggih menika cara mungkasi konflik sosial awujud nudhuh, antawisipun Gundhul kaliyan Mbok Paini. Pethikan data kasebut ing ngandhap menika.

*Gundhul njingkat diarani nyolong. “Aku ora doyan dhuwit colongan, Mbok! Iki dhuwit sing maringi saka Kecamatan. Nek ora pitados, ayo neng nggone Harso!” (IIG : 75-76)*

Cara mungkasi konflikipun inggih menika gundhul ngeyakinaken dhateng Mbok Paini bilih piyambaipun boten mendet artanipun tiyang sanes.

i. Gundhul nyuwun tulung kaliyan Syahroni saha Harso

Nyuwun tulung kaliyan tiyang sanes menika cara mungaksi konflik sosial jothak. Paraga ingkang nglampahi konflik menika Gundhul kaliyan Agus. Pethikan datanipun kados menika.

*“Mas Harso karo Mas Roni kudu melu cawe-cawe bab iki, aku mesakake Agus!” Gundhul wadul marang Harso lan Syahroni jalaran rumangsa ora bisa ngudhari reruwet iku. (IIG : kaca 81-82)*

## **Gegayutan Antawisipun Wujud Konflik Sosial, Pawadan Inkgang Murugaken Konflik, saha Cara Mungkasi Konflik**

Wonten gegayutan antawisipun tiga prekawis ingkang sampun karembag ing nginggil. Tiga prekawis menika wujud konflik sosial, pawadan ingkang murugaken, saha cara mungkasi konflik sosial. Saking andharan pirembaran ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih tiga prekawis menika wonten gegayutan anatwisipun satunggal kaliyan satunggalipun. Kawontenanipun wujud-wujud konflik ingkang dipunpanggihi ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* menika amargi wonten pawadan ingkang murugaken saha saking mapinten-pinten wujud konflik menika ugi ngawontenaken cara mungkasipun.

Kawontenan wujud konflik sosial, pawadan ingkang murugaken konflik, saha cara mungkasi konflik menika dipunmangertosi saking *data-data* ing salebeting wacan. Sinaosa *data* ingkang dipunpanggihi kangge nedahaken saben wujud konflik, bab ingkang murugaken konflik, saha cara mungkasi konflikipun kirang kathah ananging boten ngirangi kajelasan saking andharan konflikipun. Kangge pamaos wacan menika ugi boten sisah dipunpahami. Wacan ingkang wosipun saged dipunpahami menika ateges piwulangipun saged dipuntampi dening pamaos. Saking menika saged dipunwastani bilih panganggit anggenipun nganggit konflik menika trep saha leres. Saengga saged dipunwastani bilih wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani menika kalebet wacan bocah ingkang sae.

## **DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI**

Adhedasar saking asiling panaliten saha pirembaran tumrap wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani, pramila saged dipunpendhet dhudhutanipun wonten ing ngandhap menika.

1. Wujud konflik sosial ingkang wonten ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani inggih menika nggeyel, gumedhe, padudon, ngelokake, duka, ngancam, perdebatan, nudhuh, saha jothak.
2. Pawadan ingkang murugaken konflik sosial wonten ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani
3. Cara mungkasi konflik sosial wonten ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani

Asiling panaliten menika saged dipundadosaken bahan kangge pangrembakaning teori sastra saha analisis sastra. Salajengipun mugimugi panaliten menika saged paring pangertosan dhateng pamaos bab wujud konflik sosial, pawadan ingkang murugaken konflik saha cara mungksi konflik sosial mliginipun wonten ing wacan bocah *Idham-idhamane Gundhul* anggitanipun Indriyasiwi Arwiyani.

## **KAPUSTAKAN**

Arwiyani, Indriyasiwi. 2007. *Idham-idhamane Gundhul*. Yogyakarta : Pas

Yogyakarta

Endraswara, Suwardi. 2012. *Teori Pengkajian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta :UNY Press

\_\_\_\_\_. 2013. *Metodologi Penelitian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta :CAPS

- Hikmat, Mahi M. 2011. *Metode Penelitian Dalam Perspektif Ilmu Komunikasi dan Sastra*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Kurniawan, Heru. 2012. *Teori, Metode, dan Aplikasi Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Sastra Anak Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press
- \_\_\_\_\_. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press
- Ratna, Nyoman Kutha. 2003. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media
- Wellek, Rene saha Austin Warren.2014. *Teori Kesusastraan*. Jakarta : PT. Gramedia